# OYÍN ATQARÍWSHÍLARDÍŃ SAXNADA JAYLASÍWÍ – XOREOGRAFIYALÍQ SÍZÍLMA

**Yuldasheva Zuxra Salievna** – *dotsent*
yu.zuxra@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# РАСПОЛОЖЕНИЕ ИСПОЛНИТЕЛЕЙ НА СЦЕНЕ-ХОРЕОГРАФИЧЕСКАЯ СХЕМА

**Юлдашева Зухра Салиевна** – *доцент*
*Нукусского филиала Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# PLACEMENT OF PERFORMERS ON THE SCENE - CHOREOGRAPHIC SCHEME

**Yuldasheva Zuxra Salievna** – *Associate Professor*
*Nukus Branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Tayanısh sózler:** baletmeyster, xoreografiya, kompozisiya, oyın, saxna, improvizasiya, atqarıw, kórkem obraz.

**Rezyume.** Usı maqalada oyın saxnalastırıwdaǵı atqarıwshılardıń saxnada jayǵasıwı, oyın sızılmaları, atqarıwshılardıń kórinisleri hám xoreografiyalıq súwretleri haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Baletmeyster tárepinen oyın sızılmalar yaki súwretlerdiń hár túrliligi tuwrısında maǵlıwmatlar aytıp ótilgen.

**Ключевые слова:** балетмейстер, хореография, композиция, игра, сцена, импровизация, исполнение, художественный образ.

**Резюме.** В данной статье представлена информация о расположении исполнителей на сцене, схемах игры, изображениях исполнителей и хореографических рисунках. Балетмейстер предоставил информацию о разнообразии танцевальных рисунков или картинок.

**Key words:** ballet master, choreography, composition, performance, stage, improvisation, performance, artistic image.

**Summary.** This article provides information on the placement of performers on stage, playing patterns, artist images, and choreographic drawings. The choreographer provided information on the variety of dance patterns or pictures.

Xalqımızdıń ruwxıy baylıǵınıń hám kórkem-ónerge bolǵan mehir-muxabbatınıń ele de artıwında, zárúrli áhmiyetke iye bolǵan oyın ónerin hár tárepleme rawajlandırıw, milliy hám jáhán oyın kórkem óneriniń úlgilerinen keń paydalanıw, bul tarawda «Ustaz-shákirt» joybarlarına tiykarlanıp, oyın mekteplerin jaratıw, xalıqaralıq standartlarǵa muwapıq joqarı dárejeli qánigeler hám kadrlardı tayarlaw, ilimiy potencialdan nátiyjeli paydalanǵan halda ilim-pándi rawajlandırıw maqsetinde, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. M. Mirziyoyevtıń 2020-jıl 4-fevraldaǵı “Oyın kórkem óneri tarawında joqarı maman kadrlardı tayarlaw sistemasın túp tiykarınan jetilistiriw hám ilimiy potencialdı ele de rawajlandırıw ilajları haqqında” ǵı PQ-4585-sanlı qararı qabıllandı. Usı qarar tiykarında Ózbekstanda oyın ónerin rawajlandırıw, milliy oyın óneriniń eski hám zamanagóy atqarıwshılıq úlgileri “Altın fondı”n jaratıw oyın ansamblleriniń wazıypalarınan biri sıpatında belgilendi. Sonıń menen bul qararda «Ustaz-shákirt» dástúrlerine tiykarlanǵan oyın mekteplerin jaratıw, xalıqaralıq standartlarǵa muwapıq joqarı maman qánigelerdi tayarlaw, kadrlar tayarlaw procesinde taraw qánigelerin qamtıw arqalı ilim hám tálimniń óz-ara integraciyasın támiyinlew, ilimiy izertlewler nátiyjeleri boyınsha ruwxıy -bilimlendiriw hám ilimiy ádebiyatlardı tayarlaw, járiyalaw, student-jaslardı qollap-quwatlaw maqsetinde jergilikli hám xalıqaralıq grantlar tiykarında olardıń shet elde tálim alıwı, ilimiy-dóretiwshilik jumıslar alıp barıwın nátiyjeli jolǵa qoyıw, intalı jaslardı bul jóneliske keńnen tartıw, studentlerdiń ilimiy-izleniw baǵıtların en jaydırıw, mekemeler bazalarında hámde shet el mámleketlerdiń jetekshi shólkemlerinde sistemalı túrde qısqa hám uzaq múddetli ámeliyatlardı shólkemlestiriw sıyaqlı bir qatar wazıypalar belgilendi. Sol tiykarında taraw boyınsha bilim alıp atırǵan jaslarǵa hár tárepleme bilim beriw hám olardıń tájiriybelerin ele de arttırıw professor oqıtıwshılardıń aldına qoyǵan eń úlken wazıypalarınıń biri.

Kompoziciyalıq joba — bul muzıkalıq-xoreografiyalıq senariy bolıp, onda belgili bir xoreografiyalıq formanıń tolıq sheshimi hám onıń ámelge asıwı menen oyın mazmunınıń dramaturgiyalıq rawajlanıwı organikalıq birlikte qatnasadı. Kompoziciyalıq joba tómendegi maǵlıwmatlardı óz ishine aladı: waqıya bolıp ótken waqıt hám orın, oǵan sebep bolǵan jaǵday, zárúrligine qaray dekoraciyalardıń táriypi berilip, dramaturgiya nızamlarına muwapıq oyındaǵı

barlıq háreketler berilgen jaǵdaydıń sıpatlaması menen, syujet qaharmanlarınıń is-háreketlerine tiykarlanǵan halda bayanlanadı. Ekspoziciya, waqıyanıń baslanıwı, rawajlanıwı, kulminaciya, juwmaqlanıwı, sonday-aq, rejelestirilgen oyınnıń xoreografiyalıq forması xarakteri kórsetiledi. Máselen: xorovod, pereplyas jeke oyın túrleri hám t.b. Kompoziciyalıq jobada oyınshılardıń saxnada jaylasıwı, háreketleniw sxemaları hám sızılmaların beriw maqsetke muwapıq boladı. Waqıyanıń eń áhmiyetli kórinisleri epizodları ushın tayar sheshimler usınıs etiledi. Tema (nomerdiń ne haqqında ekeniligi) hám ideya (baletmeysterdiń bul nomer menen ne aytpaqshı ekenligi) másláhátlesiledi. Qaharmanlar waqıt penen keńislikten tıs abstraktlıq figuralar bolmastan, oyında ózine tiyisli dárejede, belgili bir dáwirdegi belgili bir millet wákiline tán bolıwı ushın, oyın járdeminde bayan etilgen. Waqıyalardıń isenimli bolıp kóriniwi ushın ómirden alınǵan materiallar jaqsılap izzertlenilip, soń saxnaǵa alıp shıǵılıwı kerek bolǵan. Ómirden alınǵan materiallardı tariyxıy hám etnografiyalıq materiallardı tereńlestirilip úyreniliwi zárúr. Bul óz náwbetinde xalıqtıń úrp-ádetleri, dástúrleri, óz-ara qarım-qatnaslar etikasın, milliy qádiraiyatların biliw imkaniyatın beredi. Waqıya bolıp atırǵan dáwirdegi xalıqawizeki ádebiyatı, súwretlew óneri, qosıqları, oyınlarınıń ádebiy mazmunı menen tanısıp shıǵıw zárúr. Sonday-aq kiyim-kenshek penen kúndelikli turmısında paydalanatuǵın buyımları da úlken áhmiyetke iye.

**Oyındı jazıw sisteması.** Xoreografiya óneri búgingi kúnde bársheni tolıq qanaatlandıra alatuǵın, minsiz oyındı jazıw sistemasına iye bolmaqta. Xoreografiya óneriniń belgili hám



sheber dóretiwshileri tárepinen jaratılǵan ataqlı shıǵarmalardı qásterlep saqlaw hám bar jazıwlardı qásterlep abaylaw búgingi dáwirdiń baslı máseleleriniń biri. Oyın sawatlı hám durıs jazılıwı kerek. Sebebi onıń keleshek áwladtın tárbiyasındaǵı tásir dárejesi anaǵurlım joqarı boladı. Hár bir oyın kompozisyada oyınnıń atı, avtorı, baletmeysteri, oyınnıń mazmunı, syujeti, xarakteri, milliy ózgeshelikleri, atqarılıw usılı, atqarıwshılardıń sanı hám muzıkalıq ólshemi haqqında maǵlıwmat beriledi. Saxnalastırılıp atırǵan barlıq oyınlardıń minsiz bolıwı ushın barlıq elementler bir-biri menen baylanıslı bolıwı maqsetke muwapıq boladı.Oyınlarda kóbinese qız hám jigitler tómendegi simvollar menen

ańlatıladı: Barlıq háreketler tuwrı sızıq yamasa punktir (qısqa sızıqlar) menen, hárekettiń baǵdarlanıwı strelka (kórsetkish belgi) menen ańlatıladı. Sheńber boylap háreketleniw ushın, onıń saat strelkası boyınsha yamasa kerisinshe baǵdarlanǵanı kórsetiledi. Aylanıw orınlanatuǵın háreket spiral menen kórsetip belgilenedi. Kompoziciyalıq súwretler tamashagóy kóz-qarasınan kelip shıǵıp orınlanadı. Figuranıń ataması yamasa tártip nomeri, onıń atqarılıwın ishine qamtıytuǵın taktlar sanı keltiriledi. Figura tolıǵı menen taktlar boyınsha súwretlenedi. Oyın kompoziciyasınıń tórtinshi faktorı bul oyın sızılması bolıp tabıladı. Oyın sızılmasınıń bír qansha túrleri bolıp, olar ápiwayı, quramalı, simmetrik, assimmetrik, bir planlıq hám kóp planlıq, ideologik, statikalıq hám dinamikalıq túrlerge bólinedi. Biraq oyın shıǵarması jetilisken hám tamashagóy tárepinen jıllı kútip alınıwı, baletmeyster óz ideyasın tolıq jetkize alıwında kórinedi. Bunda tek ǵana oyın sızılmasınıń ózi kemlik etedi. Sol sebepli dóretpe tolıq ańlatpa etiliwinde oyın sızılmasına xoreografikalıq til bekkem baylanısadı. Oyın sızılması hám xoreografiyalıq tildi bir-birinen ayırıp bolmaydı. Bul eki faktor bir-birin tolıqtırıp, jetik hám jetilisken dóretpe jaratıwda tiykarǵı roldi atqaradı.

Oyın sızılmasınıń túrleri:

1. Kespe sızılmasına - vertikal hám gorizontal sızıqlar kiritiledi.

2. Sheńberler sızılmasına -yarım sheńberler, segizlik, sebetshe sızılmaları.

3. Geometriyalıq sızılmasına - tórtmúyesh, úshmúyesh, qıyıq, ellips sızılmalar.

4. Ornamental sızılmaǵa – jılan izi, zigzag, naǵıslı sızılmalar kirgizledi.

Xojalıq buyımlar menen de oyın sızılmaların ańlatıw múmkin. Bularǵa sharf, lenta, oramallar, gúller, sham, tayaq, keseler hám soǵan uqsas túrli buyımlar járdeminde de oyın sızılmasın shólkemlestiriw múmkin. Ayaq oyın «súwreti»niń túrlishe dúziliwi hám qayta dúziliwi tamashagóylerge belgili bir psixologiyalıq tásir ótkeredi:

1) gorizontal — tınısh, háreketsiz xarakterde;

2) vertikal — kóterińki xarakterde;

3) diagonal — qozdırıwshı, dinamikalıq xarakterde. Oyın súwreti xoreografiyalıq shıǵarmanıń tiykarǵı ideyasına, qaharmanlardıń, olardıń is-háreketlerinde kórinis beretuǵın emocionallıq awhalına baylanıslı boladı.

I. V. Smirnov óziniń «Baletmeyster óneri» atlı miynetinde oyınnıń sheńber túrindegi dúzilisi

menen bir qatarda bir sızıq bolıp dúzilgen túrdegi «súwreti» de payda bolıwı, diyxanshılıq rawajlanıwı menen dep boljaydı. Bul belgili bir dárejede onda atız jumıslarına qatnaslı miynet processi sáwleleniwi menen baylanıslı oyın syujeti boladı. Ásirler dawamında xoreografiya quramalasıp, oyın «súwreti» de reń-bereń bola basladı. Oyın «súwreti» járdeminde oyınshılardıń háreketleri shólkemlestiriledi, sistemalastırıladı, xoreografiyalıq teksttiń saxnada ayqın ashıp kórsetiliwi támiyinlenedi.

Kontrastlılıq — xoreografiyadaǵı aktiv kórkem súwretlew qurallarınıń biri. Máselen, ápiwayı «súwret», eger onıń aldında quramalı «súwret» bolǵan bolsa ashıq-jarqın, tásirli túste boladı. Noverr bılay dep jazǵan edi: «Geometriyanı azmaz da bolsa biliw bul jerde biraz payda keltiriwi múmkin: geometriya oyın menen baylanıslı figuralar, olardıń kombinaciyası tártibine anıqlıq kirgizedi, formalarǵa da anıqlıq beredi hám figuradan figuraǵa ótiwdi qısqartqan halda oyınnıń tabıslı atqarılıwına kómeklesedi». J.J.Noverr ańshılar qatnasıwındaǵı saxna kórinisin mısal etip keltiredi: birinshi qatarda boyı uzınlar, artqı qatarda kelteler dizilip, bul gorizont sızıǵın esletedi. Simmetriya — aynada sáwleleniw, assimmetriya — qarama-qarsılıq. Bul principler tábiyatta orın alǵan bolıp, olar qabıl etiwdiń nızamlılıǵı esapqa alınıwı tiykarında qáliplesken. Simmetriya, teń salmaqlılıq geometriyalıq figuralardıń keńislikte birdey waqıt aralıǵınan keyin tákirarlanıwı esabınan júzege keledi.

Insan ómirinde onı quwandıratuǵın tınıshlıq beretuǵın, sáykeslik, teń salmaqlılıq sıyaqlı jaǵdaylar boladı, biraq ol belgili bir waqıt dawam etedi. Ullı filosof Geraklit bılay jazadı: “Eń ájayıp sáykeslik qarama-qarsılıqlardan ibarat boladı. Assimmetriya turaqsızlıq, teń salmaqlılıq, tınıshlıq buzılıwı menen sıpatlanadı. Ómir súriwdiń ózi toqtamay háreket etiw, rawajlanıwdı ańlatadı, al rawajlanıw bolsa waqıtinsha tınıshlıq, kelisimlilik, úylesimlilik payda etetuǵın qarama-qarsılıqlar gúresi menen ámelge asadı”. V.YU.Nikitin atap kórsetkenindey, «Xalıq oyınlarında, klassikalıq balet spektakllerinde biz geyde oyınshılardıń bizge júzi menen qaraǵan halda «ushıp» yamasa «júzip» kiyatırǵanday, birden qıyalaw yamasa teris qarap turıwı sıyaqlı háreketleriniń jiye gúwası bolamız. Rakurs — bul tamashagóyler zalınıń orayında otırıp oyınshıǵa qaraw: anfas, kruaze, effase, 1-, 2-, 3-, 4- arabeska — bunıń barlıǵı rakurslar bolıp esaplanadı».

Muzıkadaǵı uzın frazalardı tamashagóydiń yadlap qalıwı qıyın, sonıń ushın olardı basqıshpa-basqısh dúzgen maqul. Máselen, tákirarlaw waqtında birinshi háreketti ekinshi hám úshinshi menen almastırıw, yamasa birinshi háreketti alıp, onıń rawajlanǵanın kórsetiw, keyin ekinshi háreket penen de usı tárizli islew múmkin. Bul túr



ózgerisleri nátiyjesinde qaysı motiv qanday izbe-izlikte jaratılǵanın tek baletmeyster menen atqarıwshılar biledi. «Baletmeysterler ataqlı súwretshilerdiń figuralardıń simmetriyalıq jaǵdayı predmetlerdi tákirarlap, bir jaǵdayǵa uqsas eki kartina turǵanday bolıp kórinetuǵın kartinaların kóbirek tamasha qılıwı kerek», — dep jazǵan edi J.J. Noverr. Xorovod — rus oyınınıń eń kóp tarqalǵan hám eń eski túrlerinen biri. Oyınlar máwsimiy, tematikalıq, mazmunlıq, forma hám xarakteri boyınsha túrlerge bólinedi.

Máwsim boyınsha báhárgi, jazǵı, gúzgi, qısqı oyınlar, tema boyınsha – miynet, shańaraq hám turmıslıq, saltanatlı, xarakteri boyınsha — oyın hám oyın emes, forma boyınsha – tutas hám jayılǵan túrdegi oyınlar. Xorovod payda bolǵannan baslap qosıq penen tıǵız baylanıslı boladı. Qosıqta xalıq tariyxı, danalıǵı, oyında ruwxı hám xarakteri sáwlelendiriledi. Rus oyınları emocionallıq, mazmunlılıq, háreketlerdiń tegisligi hám úylesimliligi sıyaqlı belgilerge iye boladı. Bulardıń barlıǵı saxnada, qosıq (muzıka) astında oyın mazmunı kórsetiliwi menen ámelge asadı. Ádette, xor qosıq aytadı, al oyınshılar ápiwayı oyın háreketleri, mimika taǵı basqa metodlar járdeminde onı súwretlep beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Р.Захаров “Сочинение танца” страницы педагогического опыта. Издательство “Искусства” 1983
2. И.В.Смирнов “Искусство балетмейстера” Москва “Просвещение” 1986-г.
3. Sayfullayeva D, Zokirova S, Xamidova X. “Merosiy raqs durdonalari”. O’quv qo’llanma. 2003.
4. Fazliyeva Z.K. “O‘zbek raqsini o’rganish uslubiyoti” O‘quv qo‘llanma. – T.: Navro‘z. 2020.
5. Kazakbayeva Z, D.Sayfullayeva “Raqs san’ati tarixi va raqs sahnalashtirish sirlari” Toshkent. 2006.
6. M. Muxamedova “Jahon va o'zbek xoreografiya san’ati tarixi” 2021.